RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA
sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 „ . . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

PRADJA RAHAJOE.

WÈREK TJARA ÉNGGAL

Samangké wonten pakempalan énggal namanipoen „V. E. D. A." tegesipoen: Vereeniging tot Emigratie Deliplantersvereeniging (D.P.V.) en A.V.R.O.S. Pakempalan poenika ngetjakaken wèrekan tjara énggal: inggih poenika tanpa P. S. (poenle sanctie). Patrapipoen makaten:

Koeli ingkang dipoensoekani perlop déning D.P.V. lan A.V.R.O.S. wangsoel dateng tanah Djawi poenika kapoerih tjrijos dateng sanak sadèrèk bab kawontenanipoen ngrika. V.E.D.A. ingkang dipoenkadjengi ngemoengaken tijang tani, dados dédé tijang ingkang boten saged matjoel, awit ingkang boten saged matjoel poenika wonten ing Dèli ngrika ndadak sinaoe. Lah kerep boten kleresan, woesana paben kalijan mandoripoen.

Tijang tani ingkang poeroen dipoenwèrek, sadèrèngipoen kaangkataken kedah kapriksa wonten ing kantor. Ingkang wonten kantoripoen inggih poenika Semarang, Soerabaja, Betawi, Poerwaredje, Poerwakerta lan Madioen.

Pamriksanipoen kadosta: poenapa sampoen angsal palilahing tijang sepoeh oetawi sadèrèk sanèsipoen. Poenapa sampoen naté toemoet mogokan, sampoen naté katjepeng poelisi oetawi poenapa dados wargané pakempalan kominis. Poenapa kalakoeanipoen saé.

Manawi sadaja² sampoen maremaken, ladjeng kedah neda serat ingkang dipoentandani loerah lan tjarik doesoen.

Kadjawi poenika inggih angsal serat pratanda saking dokter, ingkang mratélakaken poenapa kijat njamboet damel ing pategilan, pabrik oetawi ing pamelikan.

Samangsa sampoen doemoegi Soematra, angsal wangenan 10 dinten. Jèn boten kraos, kawangsoelaken gratis saanak simahipoen. Ingkang boten kraos poenika doemoeginipoen sapriki boten wonten saprasadasa persèn.

Ingkang moeroegaken damel kraos poenika djalaran anggènipoen njamboet damel toenggil kalijan sadèrèk ingkang mèrek. Manawi sampoen émah², angsal grija mawi kebon saprasadasa baoe, ingkang kénging dipoentanemi katjang, ketéla lsp.

Mireng wartos kados makaten poenika koela toemoet bingah, amargi sadèrèk koela Djawi wonten ingkang dipoensandang teda toer tentrem manahipoen.

Wèrekan tjara énggal poenika saking saénipoen ngantos dipoenalem déning Nagari. Dalasan toewan socialis Middendorp kémawon inggih toemoet ngalem. Dados koela inggih sampoen pitados.

Mesti kémawon saking pamoedji koela: tijang Djawi poenika wontena ing tanah Djawi kémawon, awit ing tanah Djawi ngriki jèn dipoenraos-raosaken, taksih katah pandamelan lan panggénan, tandanipoen Tjina, Diepan lsp. sami angadjawi. Nanging kados-poendi? Tijang Djawi ingkang limrah-limrah poenika taksih sami bodo. Wong bodo dadi pangané wong pinter. Wong bodo kalah desoek karo wong pinter.

Mila soemangga para djempoldjempolan, koela atoeri minteraken bangsa pandjenengan, samanten poenika jèn boten tjotjog kalijan wèrekan oetawi boten karsa, manawi tijang Djawi kawon desoek kalijan tijang ngamantja.

poen P. D.

LARASATI

WANITA ING BABAGAN SOCIAAL.

Ing ngriki koela ladjeng kapeksa ngrembag wanita ing babagan economie oetawi pandamelan lan pangkat poenapa, ingkang kénging katindakaken ing tijang èstri, senadjan bab poenika koela ing Sw, Tm. minggoe ngadjeng sampoen nggepok sakedik.

Wangsoelanipoen ingkang tjekak aos, senadjan ta dèrèng nama njekapi, makaten: tijang èstri kénging tjepeng damel oetawi nggarap pandamelan, angger kijat ing sadajanipoen toewin badan, poenapa malih boten adamel kapitoenanipoen ing grija. Gagasan makaten poenika boten namoeng toemoedjoe dateng tijang èstri, ingkang berah kémawon, ananging inggih toemoedjoe dateng tijang èstri (wanita) ingkang tjepeng damel (gadah pangkat). Jèn boten makaten, mangké ladjeng nama pilih sih, toer boten maton. Wonten tijang èstri dados djoeroe serat ing kantor dipoenkèndelaken kémawon, sareng wonten tijang èstri njamboet damel ing pabrik dipoenawisi.

Déné pangkat oetawi pandamelan poenika kénging kapérang dados tigang golongan; 1. pangkat andap (berah); 2. pangkat tengahan (middelbare beroepen); 3. pangkat inggil (ingkang dedasar pasinaon ing sekolahan loehoer).

Menggahing pangkat adap tijang kedah ngèngeti kalih prekawis:

1. Poenapa tijang èstri badé mrantasi lan tanggon njamboet damel ing pelikan areng séla, pelikan sanès; ing pabrik-pabrik tosan, pabrik mesin lan sanèsipoen? Sinten ingkang boten priksa lan ngakeni, jèn kakijatanipoen tijang èstri tjoepet lan kadoeng. Saoepami wonten ingkang tjrijos saged, poenika namoeng kabekta saking anggènipoen badé sami babar pisan (absolute) kalijan tijang djaler.

2. Betahipoen grija lan kawiloedjenganipoen brajat kanggé tijang ingkang nggoela-wentah anak. Njepeng tek kliwering grija sampoen awrat, teka badé ngemèk pandamelan ing djawi.

Pangrèhing pradja pantjènipoen inggih kedah ngalang-alangi tijang èstri njamboet damel awrat karana kabetahan oemoem, awit saé tjantasing pradja poenika rak goemantoeng wonten saé, tata lan tentreming brajat (familieleven). Manawi pamedalipoen tijang djaler boten njekapi kanggé ngingoni anak-sémah, poenapa tijang èstri boten kénging nambeli sarana njamboet damel? dados kaawisan njamboet damel? boten kedah kaawisan teroesan (plotseling verbod). Ananging kawoeningana, bangsa ahli politiek kedah ngoedi, sagedipoen tijang djaler anggsal berahan (épahan) ingkang moerwat, ngantos kénging kanggé ngwontenaken sandang teda tijang sabrajat, malah kapara tirah kanggé dinten wingking. Manawi poenika sampoen toemindak saé, tijang èstri saweg kénging dipoenawisi njamboet damel. Déné sapoenikanipoen namoeng kapranataa roemijin wedaling kanggé njamboet damel, sampoen kedangon. Sadinten moepoet, malah ngantos nglemboer poenika boten kénging.

Kadamel oemoem angger tijang èstri boten kénging njamboet damel poenika, inggih boten prajogi; la randa-randa toewin tijang èstri lamban mangké ladjeng kados-poendi? Mangka poenika inggih kedah neda. Pamrajogi nginggil poenika kanggénipoen tijang èstri ingkang émahémah boten wonten pakèwedipoen.

Sanadjan ingkang dèrèng émahémah pisan inggih kedah kadjagi, soepados sesarengan kalijan njamboet damel kaserepaken koewadjibanipoen tijang dados bijoeng, sebab ratjak rak dados bijoeng poenika ingkang dados pangadjeng-adjengipoen bangsa wanita.

Langkoeng-langkoeng tijang èstri ing pabrik poenika, manawi roemijin boten adjar koewadjibanipoen tijang bebrajatan, samangsa émahémah, asring kirang djenak, awit roemaos tjoto, mila ladjeng kepéngin wangsoel dateng pabrik malih, adamel kapitoenaning agegrija.

Kadjawi poenika kasoesilaning poenggawa ing pabrik kedah kadjagi samestinipoen.

Dinten wingking koela ngrembag pangkat (pandamelan) tengahan.

A.

WARA-WARA!

Minggoe poenika para lengganan badé dipoenkintoeni postwissel - tagihan. Sadèrèk ingkang sampoen mbajar f 6.— namoeng kantoen maringi f 0,75.

Sadaja sami kasoewoen kanti taklim, énggala maringi arta lengganan.

Saking *Atministratie.*

W.K. MOENTILAN.

Margi saking propagandanipoen Mevr. C. Hardjadiningrat, toewin djempol Wanita katholiek Ngajodja sanèsipoen, kala 18 - 10 - 1929 ing Moentilan madeg pak. Wanita katholiek.

Sedyanipoen W.K. andjoendjoeng daladjading wanita, sarana: njaèkaken gesangipoen pijambak babagan rohani lan djasmani; njaèkaken gesanging sanès; tetoeloeng dateng sanès: njakolahaken laré sèkèng, njoembang oebarampéning Grédja, damel sandangan kanggé laré mlarat, lss.)

W.K. Moentilan, warganipoen: 53. Pangrèh: Wara A. Widyasoejana voorz.; Wara Siswasoebrata: panitra; Wara Slamet: pangroekti arta; Wara C. Marta-atmadja: noepiksa: Rara: Trees Moer: noepiksa; Kadjawi ing Moentilan, ing Medari inggih sampoen wonten W.K.

Welingipoen sadèrèk C.H. makaten: „Mangga sadèrèk koela wanita ing sanès panggènan, sami njantosakaken pakempalan kita, toemoettoemoet andjoendjoeng daladjading wanita. Wanita ing Semarang, Klatèn, Blitar, lss. mangga sami ngoerbanaken sarira toemandang, sageda toemoenten saged wonten: *„Poesara Wanita Katholiek!"*

- dadosa katja benggala ing papan sanèsipoen! ! !

- sembadaa actienipoen—inggih mendjawi, inggih manglebet.

„Geef mij moeders en ik bekeer de wereld" —S.B. Pius XI.

WANITA KATHOLIEK DJOKJA.

W.K. Ngajogjakarta kala 17 Oct. ngawontenaken papanggihan. Ingkang rawoeh njenengaken 30! Gandèng kalijan konggrès P. P. I. ing Betawi, W.K. angintoenaken wakil kalih: Rara Poedjiati, kalijn Rara Salmiati.

MARDIWORO SOLO ANGSAL DIPLOMA.

Pamoelangan èstri „Mardiwara" (gadahanipoen pak. Melania) ingkang nalika sekatèn mitontonaken dedamelaning siswanipoen dateng publiek, ingkang sampoen naté koela film roemijin, katjrijosaken dipoenadjengi ing tijang, sapoenika angsal diploma saking „sekatèn-commissie" ingkang dipoenpangarsani K.P. Koesoemajoeda.

P.f. Moegi ndjalarana saja madjengipoen.

BOEDI WANITA LAN P. P. I.

Boedi Wanita poenika pakempalan Wanita saking golongan protestant; ingkang oegi nggebjoer wonten ing bebadan P.P.I. Dèrèng dangoe koela angsal kabar saking Mejuff. Soenarmi, bilih sampoen naté karembag jèn B.W. badé neda medal saking P.P.I; déné djalaranipoen kaawisan déning Dr. H. Van Andel. Lo, kaprijé ta iki; apa dèk arep manoenggal ora dipikir disik ing samateng-matengé?

Sadèrèk „Wanita Katholiek" kémawon ingkang ngatos-atos, koela atoeri mamèraken lelabetan pandjenengan dateng oemoem!! Nolèha djamanipoen!

KOEROE SÉTRA.

KATOER SAD. T. R. TOEWIN SAD. WANDHOE.

Sakelangkoeng kagèt toewin gela manah koela déné sadèrèk T. R. gadah pendakwa ingkang boten² „Poenapa wangsoelan pandjenengan ingkang toemoedjoe dateng Mevr. C. Wastitilah lan (T. R.) poenika karangan pandjenengan pijambak?"

Sd. Wandhoe: „Sapoenika koela gadah réka, sarèhné Mevr: Atma sampoen gadah wewaler jèn „ingkang njerat djaler tèken nama djaler, jèn èstri inggih èstri; dados sapoenika mekaten ingkang mikir tijang djaler ingkang njerat tijang èstri; sapoenika nama sampoen ngleksanani pamoendoet . , . . ,

Sigeg . . . .

Para maos, temboengipoen sadèrèk Wandhoe poenika boten béda kalijan temboengipoen sadèrèk T. R.

„Hem, bagoes sanget sadèrèk, pandjenengan gadah panggrajangan ingkang kados makaten. Tegesipoen pandjenengan rak maiben ta jèn poenika karangan koela pijambak? Hem prijaji k a k o e n g djaré lawanan karo w a n i t a baé basa woes arep kentèkan boedi bandjoer golèk² 'ndakwa² oewong. Hem, poenika prija . . . . tjrijosipoen boedinipoen langkoeng pandjang tinimbang wanita . . . , . lsp.? Koela wanita Indonésia modern boten badé gadah panginten ingkang boten², toer wanita poenika sampoen dipoentjap: „Jèn bab panglimbang . . ., . . enz ora njandak prija." . . . , . .

„É, é, é, kados ngaten ta watekipoen prija?" Koela ladjeng ngertos; mbokmanawa kewelèh djoer ènèngé ngaran-arani. Lha inggih jèn ingkang dipoendakwa poenika poeroen kémawon, jèn boten, poenapa pandjenengan boten kodjoer?

Pandjenengan kirang srawoengan lajakipoen!!!

Poenika kawontenanipoen tijang poenika jèn „éénzijdig." Mila preloe sanget srawoengan kalijan tijang sanès lan preloe sanget maos koran warni² dados saged getok-toelar, djembar kawroehipoen lsp. dados boten ndakwa² . . . ,

Sadèrèk T.R. lan sd. Wandhoe, jèn pandjenengan boten katjonggah damel wangsoelan dateng karangan koela, boten oesah mangsoeli, sampoen lebar. Heeem goemoen koela !!! . . . . bandjoer ndakwa²???

Sampoen, sampoen, mindak saja andadra.

Ing wasana andoem wiloedjeng!!!

Mevr. C. Soetjilah-Atmoedarmasa.

ONDERWIJS.

RÉNA.

Pandjenengan sadaja temtoe sampoen kerep priksa patrapipoen babon momong koetoek², malah mbokmanawi sampoen maspaosaken lan anggalih ageng ing katresnanipoen babon dateng koetoek. Ing papan pasaban poen babon babar pisan boten wéja tanpa wewéka, nanging tansah prajitna ing manah, lan tansah soeka tengara, soepados anak-anak sami tansah ngempal; djer babon semoenipoen ngertos jèn poenika tok ingkang saged nebihaken sambé kala. Samangsa manggih tetedan, boten kok ladjeng katjoetjoek, teroes kaoental, nanging kasoekakaken koetoek. Mangké manawi wonten anak katriwal, nadjan margi saking lepatipoen pijambak, anggènipoen madosi boten kèndel-kèndel tansah kekiter niling-nilingaken saking poendi sangkaning pangadoeh toewin sesambat. Lan, o, kabingahanipoen sapélé njandoeng tjepaka sawakoel, nalika anak katriwal.

Manawi wonten mengsah badé poeroen-poeroen moenasika joga, poen babon boten pisan-pisan manah sakiting badan oetawi rekaosing pananggoelang. Ingkang tjinipta namoeng wiloedjenging toeroen.

Poenapa iboening manoengsa inggih samanten agenging laboehipoen dateng anak? Poenapa inggih samekta ngoerbanaken djiwa raga krana joga? Koela mastani mandar nglangkoengi, nanging inggih wonten ingkang kawon saé. Pandjenengan temtoe boten kekilapan babadipoen tijang Sparta ing Joenani rikala djaman roemijin. Poenapa ingkang dipoensesoewoen rinten daloe ing para wanodija ing mangsa perang? Sanès wiloedjenging toeroen, sanès. Anak tilar sadaja, boten dados poenapa, waton badanipoen pijambak lan tanahipoen boten karegem ing mengsah, sampoen tjekap. Boboting bok lara-ireng kanggénipoen bijoeng madat, temtoe langkoeng awrat tinimbang anak. Boten kirang² tijang ingkang langkoeng djenak ngeloes-eloes koetjing (— kertos —) lan namboer (— kertos —) tinimbang mangkoe anak. Kados sakedik sanget tjatjahipoen anak djadah rinoemat saé ing bijoeng.

Babon boten moelang kaoetamèn koetoek, djer poenika namoeng kasinoengan njawa. Balik manoengsa ingkang ginadoehan soekma, poenapa sami ndeder bibid soetji ing manahing laré?— Inggih; boten kètang sapisan temtoenipoen moelang. Déné toemrapipoen bangsa lang djanma oetami, pangipoeking widji saèmper ngreksa kentjana moelja. Goelan (manahing laré) sanget hingela-ela. Pinggir moebeng tepoeng gelang kapageran tepa toelada tinata roentoet. Éndjing sonten kasiraman sarining sih saking Swarga. Kala mangsa dipoenraboek kawroeh kasampoernan, kawatoen ing doeka oetama. Manawi wonten bibid pedjah, énggal-énggal anggènipoen njoelami nganggé pitedah petikan pangandikanipoen para pilihan. Pramila ipoekan énggal katingal toemaroena semi mradapa, idjem rijem-rijem maja-maja nengsemaken; siti katingal tjemeng semoe abrit, anjes angemoe toja, anjep dateng paningal.

Ananging o mesakaken sanget!

Badé kasambet.

PASINAON BASA DJAWIA MELAJOE TOEWIN SOEND.

Katjarijos, Departement Pangadjaran marak-marakaken: taoen 1930 badé dipoenwonteni pasinaon sarana kaserat (schriftelijk leergang) kanggé ngoepados acte basa Djawi Melajoe toewin Soenda. Bajaranipoen sawoelan f 5. Déné ingkang katampènan namoeng ingkang gadah acte Walandi. Sinten ingkang badé nglebeti soepados angatoeraken serat dateng Dirèktoer Departement pangadjaran.

SAKING ADMINISTRATIE

KATOER KADANG KATHOLIEK DJAWI ING SOERABAJA.

Saking ichtijaripoen K. W. Soerabaja kita saged pikantoek adrèsipoen para kadang Kath. ing Soerabaja. (matoer noewoen).

Para sadèrèk ing Soerabaja dinten poenika sami katjaosan proefnummer Sw. T.

Sinten ingkang boten ngarsakaken dados lengganan, soepados toemoenten mangsoelaken proefnummer waoe dateng Administratie, kasèb-kasèbipoen doemoegi tanggal 1 November.

Manawi doemoegi tanggal 1 November waoe boten wonten mangsoelaken proefnummer, Adm. netepaken pandjenengan dados lengganan Sw. T.

Wasana koela pitados sanget, pandjenengan sadaja mesti dados lengganan.

Koela atoeri ènget djamanipoen sampoen kados makaten. Prijantoen Katholiek kedah ambijantoe koran Katholiek.

KATOER LENGGANAN S.T. ING BAWAH PAROCHI MENDOET.

Ngleksanani pamoendoetipoen Rama Prennthaler, Sw. T. ingkang kanggé pandjenengan sadaja lengganan Sw. T. bawah parochi Mendoet, ... wiwit dinten poenika kakintoenaken sasarengan medal pandjenenganipoen.

Dados, pandjenengan tampi Sw. T. saking pandjenenganipoen Rama Prennthaler.

ADMINISTRATIE.

PAMOELANGAN DAGANG ING SOERAKARTA.

Kabaripoen, ing kita Soerakarta badé wonten pamoelangan dagang tengahan, ingkang dados goeroenipoen Mr. Singgih, Mr. Ali Sastraamidjaja, sadèrèk Aliman, sadèrèk Soetédja. *(Darma Kanda.)*

KASARASAN

RESIKAN.

Watak resikan poenika perloe toemraping tata krama. Mangga ta manawi koela boten resikan, ambèn mentas kanggé neda boten dipoenkeloeti, mangka ing nginggilipoen katjantèlan koeroengan peksi, ngantos reregedipoen sami dawah ing gelaran, ladjeng wonten tamoe, koela atoeri lenggah: „Koela atoeri minggah" Tamoe waoe temtoenipoen minggrang-minggring. Mangsoelana: Inggih boten minggah, malah mlorot.

Kedjawi perloe toemrap tata krama, oegi toemrap kasarasan.

Roemijin koela sampoen nerangaken, bilih sesakit poenika ingkang ambekta poen baktéri, mangka baktéri poenika remen dateng tijang ingkang watak kirang resikan.

Jèn wonten tijang watak resikan meksa katradjang ing sasakit poenika ngadat margi tjelak oetawi migoenakaken barang reged (oepami kasegah ing oelam ingkang sampoen mambet lan sasaminipoen).

Resikan poenika kedah 1e toemrap badan 2e teda lan ombèn-ombèn 3e panganggé lan 4e panggènan.

Soepados badan saged resik, kedah kerep dipoendoesi mawi kosokan (mawi saboen). Katah laré ingkang kerep adoes ing lèpèn oetawi ing bloembang kaping kalih oetawi tiga sadintenipoen, nanging namoeng lelangèn, tjiblon, boten poeroen kosokan. Kokot-bolot taksih ketingal. Oentoe reged boten kasikat. Ingkang kados makaten poenika saged dados soesoehing baktéri.

Bab teda lan ombèn-ombèn, kedah kadjagi sampoen ngantos kénging bledoeg, sampoen ngantos karoeboeng ing laler, awit laler poenika kerep ambekta sesakit. Mangga ta kagalih: laler waoe mentas ngroeboeng korèng oetawi batang, teka ladjeng lenggah ing poetjoek toempeng.

Ngatoeri priksa: manawi wonten daharan kapéntjokan ing laler satoenggal, ladjeng moengel „Wis ora arep mangan!" poenika namanipoen kesangeten adjrihipoen dateng baktéri. Jèn badan ing nglebet saras, sanadjan ngoeloea baktéri, inggih meksa boten sakit.

Prakawis panganggé lan sasaminipoen poenika soepados resik, kedah kerep kagirah. Jèn panganggé mentas kanggé tijang sakit, kedah kagodog oetawi dipoenkoekoes. Manawi wonten tijang panoenen, badan sakodjoer ngantos pating blentong, ladjeng rasoekanipoen koela samboet, sampoen boten ngéram-éramaken, jèn badan koela ladjeng kebak panoe. Mila njenjamboet panganggé poenika sasaged-saged kasingkirana.

Sanadjan sadaja-sadaja resik, nanging jèn panggènan (sentong grija, pakawisan lsp), sami reged, inggih sakedik goenanipoen. Panggènan dipoenresik kados poenapa, manawi dipoensaba ing tikoes, poenika taksih koela wastani reged, djalaran ing djaman pès-pèsan poenika katah oetoetipoen jèn ing ngrikoe kadatengan pès.

Sampoen, tjekap samanten. Saoepami karesikan poenika kaetjakaken saèstoe wonten ing poendi-poendi, mbokmanawi tijang sakit soeda 99 persèn.

D.

V A R I A

NGOENGAK TJETING.

Jèn rinaos tijang ingkang boten soemerep pa béngkong oetawi sastra, (boten apengadjaran limrahipoen ing sapoenika) poenika teka béda sanget.

Manawi tijang saged maos lan njerat, poenika gampil anggèné angsal seserepan oetawi gampil dipoensandjangi nadyan boten tebih tebanipoen, nanging saged angsal saking anggèné maos boekoe-boekoe oetawi koran ingkang ngemoe pitoetoer piwoelang oetawi sanèsipoen ingkang noedjoe dateng saé.

Katah-katahipoen (ingkang limrah, boten sadaja) tijang boten saged pa béngkong poenika taksih kandel sanget goegon toehonipoen oetawi mbrengkélo. Ingkang makaten poenika ingkang saged sok kawon, (kawonipoen waoe nama ngloemoehi oetawi ngawon).

Kados déné goemloedoeging seganten (ombak) oetawi rob soeroeting toja seganten poenika jèn tijang pinter mastani saking dajanipoen remboelan lan soerja, mila limrahipoen goemledeg, rob soeroet waoe ing tanggal nèm, tengahan, sepoeh oetawi pangreman; dados boten angger, goemledeg gledeg-gledeg ladjeng mesti (badé) djawah.

Barang rèmèh kémawon saged moeroegaken dados paben, dipoensandjangi jèn tijang èstri ses (oedoed rokok) poenika boten saé, (saweg tijang djaler kémawon kirang saé) wangsoelanipoen: „Ja, kono apa-apa sing ala mleboe koran, titik-titik dikoranaké. Wong idoe baé dilarangi, diwaoni. (Jèn anggèné idoe prenah, preloe, mangsa dipoenwaoni oetawi dipoenawisi).

Tijang katoetan oetawi kladjoekan mangka, ngretos, sanadjan 1 sèn oetawi namoeng ketipan kémawon, poenika pamanggih koela, jèn boten poeroen mangsoelaken, kalepatan, sami kémawon kalijan njolong.

Nanging poen goblog, mastani boten, awit boten ndjarag, lepatipoen ingkang njoekani.

Mila wonten tijang kladjoekan badé dipoenwangsoelaken, sémahipoen (ingkang èstri) boten angsal lan badénipoen késah sampoen dipoenprengoeti. Nanging poen kaki meksa késah, djapanipoen: „Nadyan loengakoe dinepsoni, wong sedyakoe betjik, gawé boengah sing kalongan oetawa kélangan lan arep tilik wong lara ing roemah sakit, bener kloewihan ora ana sagélo, ning ndadèkaké bingoeng lan pitoena, (poen kaki anggèné tetoembas waoe kéngkénan kanti kitir trep sapanoembasipoen oetawi reginipoen) lan ingkang dipoentoembasi poenika sampoen saé kados sadèrèk.

Nadyan boten kados makaten rak prajogi kados pikadjenganipoen poen kaki poenika.

Lo, lah makaten poenika kados-poendi réka-dajanipoen anggèné saged mbéngkas wawatekan kados gambar poenika. Ing mangka poen kaki boten patos kober, awit pidjer boten nganggoer kepeksa pados toembasan djenang. Badé dipoenpoerih maos boekoe oetawi koran boten ngretos kados poenika waoe.

Jèn wonten koran sastra Djawi kanggé para nini kawak ingkang namoeng saged sastra Djawi, poenika mbokmanawi saged ngimbir-imbiri sawatawis oetawi ngitjali saking sakedik. Mangga kagaliha para kadang.

Mangadjab sih:
Ki Dalang segobang pintjang.

LARÉ INGKANG ANGÉRAMAKEN.

Dr. Pedro Niels, dokter mripat ing Madrid, ing wekdal sapoenika gadah pepriksan, ingkang awis sanget kelampahan. Menggah ingkang dipoengarap (priksa) inggih poenika laré djaler ngoemoer 7 taoen, anakipoen goeroe ing kita alit ing provincie ngrikoe.

Laré waoe saged soemerep barang-barang ingkang kaling-kalingan. Tindakipoen laré ingkang boten saben tijang saged poenika karanganipoen sapisanan, nalika pijampakipoen maos boekoe ingkang katoetoep. Bapakipoen boten patos nggatosaken dateng tindakipoen ingkang boten limrah poenika, awit pijambakipoen nginten, menawi poenika namoeng apilan kémawon.

Nanging noedjoe satoenggiling dinten sareng goeroenipoen laré waoe madosi benikipoen mantol, laré waoe matoer jèn benikipoen poenika wonten ing salebeting doosipoen sata. Déné benikipoen waoe mila inggih ladjeng pinanggih wonten ing ngrikoe sajektos.

Nalika poenika bapakipoen wiwit ngawas-awasaken sajektos, sarta ladjeng ngengoempetaken barang-barang warni-warni. Nanging laré waoe inggih meksa taksih soemerep poendi panggénaning barang-barang waoe sadaja, saha ladjeng sami dipoenpendeti saking panggénanipoen. Angsal-angsaling pepriksanipoen dr. Niels waoe mahjaken, menawi laré poenika waoe saged njoemerepi barang-barang kanti gampil, ingkang katoetoepan dlantjang, karton, badé (stoffer), saha barang tembagi, djenéansa antéronipoen. Nanging menawi katoepan kadjeng, sinaos tipis langkoeng ngrekaos.

SAKING PAKEMPALAN.

K. W. NGAJOGJAKARTA.

Nalika tanggal 20 October 1929 ing speelloods Broederan wonten parepatan K. W. kanggé ngadjangi sesorahipoen sdr. Harjadi, prakawis Van Lith-Stichting.

Éman sanget déné ingkang merlokaken rawoeh namoeng sakedik, boten timbang kalijan tjatjahing Katholiek ing Ngajodjakarta semanten katahipoen. Mila makaten poenika nama kirang moenggoeh, toewin amertandani bilih kita **dèrèng ngertos temenanan** dateng adjining parepatan. Manawi alangan anèhipoen teka saged sesarengan katah mekaten.

Watawis djam sadasa kirang sakedik parepatan kabikak déning pangarsaning K. W. mawi ngloehoeraken Asma Dalem.

Sdr. Harjadi toemoenten kaatoeran sesorah saperloenipoen.

Pandjenenganipoen ngandaraken bilih kita poenika perloe njedijani, sampoen ngantos anak toeroen kita embèn wingking kapiran i.p. bab panoentoen djasmani toewin rohani. Panoentoen djasmani i.p. kanggé keperloean medal kalangan-kalangan ndjawi, sarana ngoedi wontenipoen Mr. Dr. Ir. etc. Awit manawi kita dèrèng anggadahi sawoeng ingkang kados nginggil. mesti tansah taksih dipoensepèlèkaken golongan sanès.

Sampoen kapenggalih, bilih kita boten mbetahaken goeroe; poenika kita inggih betah sanget, namoeng kanggénipoen sapoenika kados-kados sampoen anjekapi; poenapa malih saben tahoen, tjatjahipoen tansah mindak-mindak.

Panoentoen Rohani i.p. Pangèn kita, ingkang koewadjibanipoen awrat jektos i.p. ndjagi sampoen ngantos tjempé-tjempénipoen kamangsa ing kéwan galah, oetawi sampoen ngantos kesasar-sasar, ingkang ing tembé wingking adamel tiwasing soekmanipoen.

Wontenipoen sapoenika Pangèn Rohani (Imam) poenika sami dados golonganing Orde, liripoen dados warganing pakempalan, dados prakawis kabetahan poenapa-poenapa ingkang angijati pakempalan waoe.

Wangsoel Pangèn Rohani ingkang dédé golongan Orde, kados-poendi anggènipoen saged katjekap betahipoen. Saweg ngrembag tjempé-tjempénipoen kémawon sampoen awrat, mangka ladjeng kepeksa menggalih daharipoen pijambak padintenan, dados saja awrat malih. Negari mesti kémawon boten badé mitoeloengi, awit ing atasing Pangèn (Imam), poenika negari boten ambetahaken. Kawontenan ingkang mekaten poenika saged oegi andjalari itjaling poeloeng kanggéning laré ingkang tinimbalan, amargi roemaos awang-awangen.

Mangka wontenipoen sapoenika Seminarie ing Kota Baroe sampoen amaremaken tjatjahing moeridipoen; mila sampoen selajakipoen bilih kita ngawontenaken bebadan ingkang toedjoeanipoen ngrembag poenika; awit poenika betah kita pijambak, koela kedah poeroen tjoetjoel ragad.

Déné rékanipoen i.p. dados warganing Van Lith-Stichting, sarana ngoeroeni 1 % ing blandjanipoen woelanan, minangka kanggé kasing Van Lith-Stichting; ingkang toedjoeanipoen 20 % kanggé ngrembag studiefonds, toewin 80 % kanggé ngrembag daharing Imam (priesterfonds) toewin seminariefonds.

N. B. Ingkang kanggé Priesterfonds lan Simenariefonds poenika namoeng rèntenipoen saking 80 % waoe, dados babon boten éwah babar pisan.

Inggih nganggé réka-daja kados nginggil poenika, kita saged kadoemoegén angsal panoentoen rohani toewin panoentoen djasmani. Sapoenika kados-poendi, poenapa pandjenengan badé owel oeroen semanten; oetawi poenapa pandjenengan boten kersa djoemeneng warganing Van Lith-Stichting? Saingga sapriki warganipoen sampoen wonten 340, déné jatra oeroenan ing sewoelanipoen medal f 250.—

Sasampoenipoen poenika ladjeng nerangaken gambar, ingkang anggamblangaken lampah-lampahing Van Lith-Stichting.

***

Wonten sdr. ingkang pitakèn warni-warni, sadaja sampoen sami marem angsal wangsoelan pijambak-pijambak.

Sdr. Harjadi ngandaraken bilih Van Lith-Stichting dédé jasanipoen P. K. W. oegi dédé jasanipoen P. P. K. D., nanging jasanipoen Kangdjeng Bisschop kalijan sdr. Djawi sawatawis; dados Van Lith-Stichting poenika bawa pijambak, boten anggamblok dateng sinten-sinten.

Wasana dlantjang kaedoem dateng sadaja prijantoen ingkang dèrèng warga; ing parepatan poenika tambah warga gangsal. Pakempalan ladjeng katoetoep kanti wiloedjeng ± djam 12 sijang, sarta mawi ngloehoeraken Goesti.

Verslaggever L. J.

N J E L A - A T O E R

Njela atoer dateng sinten?

Dateng kadang koela wanita katholiek Indonesia.

Kepareng .... ! !

Ingriki koela boten badé ngedalaken kawroeh, namoeng, mligi pamanggih, lan inggih boten mitoeroet kawroeh, nanging kawontenan ingkang sampoen koela soemerepi!

Bingah manah koela, soemerep kadang koela wanita sami madjeng, moengsenging kasagedan, nginggris, ngawi saged. Bingah déné ketingal sanget anggènipoen sami badé andjoendjoeng bangsanipoen — aben landeping pikir — ngoedi kaleresan ingkang badé linampahan, mangka boten sami soepé dateng poking dedasar: *awewaton agami katholiek, satindak-tandoek tandang solah pratingkah;* ngoegemi kaantepanipoen, anggènipoen sami ngèmoeti bangsanipoen wanita toenggilipoen, inggih wanita Indonesia ingkang saweg sami riboet asengkoed, ngoedi saéning kawontenanipoen, mratandani gengging katresnanipoen dateng bangsa.

Doemoegi samanten sadèrèk, éman, saèstoe éman, déné kabingahan ingkang samanten agengipoen waoe kapeksa kanggeg, boten ladjeng, alijas dados mèndel, malah tjoewa.

Poenapa......? mangga poen pirsani! Tjoewa, déné ingkang koela soemerepi sapoenika poenika — *ingkang koela: soemerepi,* djeboel sami paben kémawon.

Éé, la, wong padoe golèk bener, jèn wis olèh, wis ngerti bandjoer arep dianggo, djaré..!!

O, soekoer bagé sèwoe manawi makaten, lan koela inggih jakin, wani nemtokaken, bilih oegi badé makaten.

Nanging..., ingkang koela *soemerepi* boten makaten, wontenipoen paben, rembagan, djeboel mrèmèn, anggladrah — kados itjal toedjoenipoen boten sandé namoeng noewoehaken tjetjongkrahan — kabekta saking wontenipoen pangandika ing salebeting goebahan pangrembag ngrikoe ingkang.....

Kadosta: ingkang mentas poenika namoeng bab: tijang sepoeh kirang nalar — ladjeng dados wanita asor — ngasoraken badan — kesangeten — ladjeng dados: wanita kolot lan modern — dados malih: Indonisia — dados malih ratoe èstri..... la ..... dos-poendi;...? — béndjing ladjeng doemoegi: wanita asor — tandané gawéjané néng pawon — olah-olah — ladjeng bab: otjal-otjal poenika padamelan-loehoer — Mr: otjal-otjal lsp.... é — pardon...!

Temtoe kémawon, manawi keladjeng makaten, poen oenderaning rembag, *toedjoenipoen...*, kelangkip.

La, kados-poendi poenika.....?

Kadang koela, wanita lan prija sampoen sami pirsa, bilih sadaja poenika boten namoeng rampoeng dipoensoegihi omong, dipoensoegihi kasagedan, nanging: *njamboet damel.*

W. K. Ngajodja — poenika lo, tjonto, mèndel — boten kekatahen swanten, nanging njamboet damel èstoe.

Doemoegi samanten, *pèn, ingkang koela anggé njerat, takèn....!*

Maos! la sampéjan pijambak-dospoendi? mangkéné... pèn....!

Koela jakin, manawi kadang koela wanita taksih sami katholiek sadjatos, boten katjokan, kelebetan ngèlmi sanèsipoen. Jakin, bilih toemoet piwoelang katholiek, nganggep poenapa-poenapa ingkang kadawoehaken, kapangandikakaken, kawoelangaken.

Dados temtoe kémawon — nganggep dateng wontenipoen sadèrèk wanita — lenggah ing madyaning gesang sesarengan, koewadjiban, hak, lsp, *manoet agami Kath.*

Jèn makaten, bab poenika boten preloe dipoenoetik-oetik, dipoenpoenapak-poenapakaken, wontenipoen namoeng ngandelaken, njantosakaken.

Mangga madjeng, toeloeng-tinoeloeng, njamboet damel.

Saèstoe...? inggih...! pinter, sampoen dipoenagem pijambak...!

Poenika lo kadang pandjenengan wanita katholiek — taksih katah ingkang sami betah damanging seserepan — kandeling dedasar — rerontjèn — toemindak saéning koewadjiban — djembaring wewaton — polatan — lah poenika dipoen: galiha — dipoenparingi priksa: sadèrèk: A. Swasti Astoetilah, lo, tjonto....!

Kadang pandjenengan toenggil kita.... oetawi ingkang sami tjelak dalemipoen..... poenika lo dipoenpanggalih — poenapa betah raket — toeloeng-tinoeloeng bab poenika, poenika, indaking seserepan — bab makaten — sasaminipoen.

Kadang pandjenengan wanita Indonesia ingkang kados atoer koela ing nginggil saweg riboet — moengseng ngoedi indaking saéning kawontenanipoen, poenika kapitoeloengana — toemoet ngrembag — lo, rak ngaten.

Badéa dados warga: Volksraad — manawi keng poetra ladjeng boten kagoela-wentah, lah ladjeng...... andladoek, poenika nama: *toena anggèning tinitahaken dados iboe. Koela, C. Ordeeka* — BOTEN TJOTJOG awit wanita, kagoengan wadjib ingkang ageng ngoengkoeli samoedajaipoen, i.p.:

„De plicht der moeder en der huisvrouw."*)

„Het groote geluk der familie is de rechtschapenheid van de vrouw.**)

C. Ordeeka.

*)Koewadjibanipoen kados bijoeng lan njonjah roemah. C.O.
**)Bijoeng moersid poenika karahardjaning brajat. C.O.

TIJANG PROTÈSTAN KALIJAN AGAMA KATHOLIEK.

Katjarijos, Mgr. Ginity, Biskop ing Verdun tampi oeroenan 100.000 francs saking tijang bangsa Amerikah, kanggé andandosi Grédja Agoeng ing bawah kabiskopan ngrikoe.

Arta 100.000 fr. waoe mawi kinantènan serat kados makaten:

Monseigneur,

Kanti legawaning manah koela ngatoeraken arta 100.000 francs, minangka pasoembang koela kagem andadosi kagoengan dalem Grédja Agoeng.

Sanadjan koela tijang Protèstan, koela ngakeni bilih Pasamoewan Katholiek pantjèn sadjatining Iboenipoen Agama Kristen. Tanpa Agama waoe ing tanah kapir boten badé wonten poenapa-poenapa sanèsipoen, kadjawi tijang wanan (barbaren).

Mila moegi sampoen kagoengan was soemelang, anggèn koela ngatoeri pasoembang poenika babar pisan boten anggadahi sedya makaten-makaten.

Poen: X.

***

Makaten soeraosing pakabaran ingkang kaseboet ing Sancta Maria Klok 15 Sept.

Toemrap tijang dédé Agama Katholiek, moengel kados makaten poenika genah awrat sanget.

Ing th. Djawi ngriki, boten kirang-kirang tijang moengel: „Agama Katholiek, apik, soetji, bregas déwé!" Nanging ingkang moengel makaten waoe jèn dipoentjaki atoer: „kénging poenapa déné boten ngrasoek Katholiek?"; wangsoelanipoen: „Ora bisa, ora koewat olèhé nglakoni; wis toewa lls."

Sinten ingkang badé toemandang ngitjali kawontenan makaten poenika? „Katholieke Actie!" roemantos ing damel!!!!"

OERAP - SARI

KABAR KAHTOLIEK.

Pahargjan ing Malang.

C. Soek. martosaken:

Bandéra dalem K. S. Bapa katingal koemlèbèt ing pinggir margi ageng-ageng, dalasan ing kampoeng-kampoeng, mraljihnani bilih ing ngrikoe wonten sadèrèk katholiek ingkang mahargjakaken dinten 50 taoenan dalem K. S. Bapa djoemeneng imam. Saweg poenika ing Malang wonten gendéra djené petak koemlèbèt ing tengah kampoeng, sanget damel tjingaking para ningali.

Dinten setoe sonten wantji djam 5 sadèrèk kath. kakoeng poetri, anèm sepoeh kerig lampit sowan dateng Grédja perloe matoer noewoen ing Goesti, déné karsa paring joeswa pandjang dateng Sesoelih Dalem, ngantos pinaringaken mèngeti 50 taoen anggènipoen djoemeneng imam.

Sareng Ngahad éndjing djam 7 Grédja djawi kebak, djedjel oejel-oejelan. Sadaja sami toenggil kadjeng perloe andèrèk Mis Ageng.

Ing ngriki katingal sanget bilih Missie ing tanah Djawi wétan, djadjahaning Rama-Rama Carmelieten mandjneg sanget. Ing satengah-tengahing Mis wonten piwoetjal toemoedjoe wandawa kath., sanget angresepaken manah. Djam 5 sonten Lof Ageng mawi Te Deum, kaoendjoekaken déning Padoeka Mgr. v.d. Pas, pastoor Vloet saha pastoor E. Stultiëns.

Déné pahargjaning para sadèrèk Katholiek sepoeh i. p. sabibaring Lof badé koela atoeraken ing ngandap. Sapoenika koela badé ngatoeraken éndjingipoen i. p. Senèn éndjing.

Senèn éndjing poenika dinten pahargjaning para moerid Kath. Sadaja moerid kath. ing kita Malang, Walandi, Djawi toewin Menado, djaler saha èstri nglempak wonten ing plataraning Fraters perloe andèrèk Mis ingkang badé kaoendjoekaken wonten ing palataran ngrikoe.

Goenggoeng kempal wonten laré 16.00. Djam satengah pitoe Panoenggal Soetji wiwit sinéwaka, ginarebeg para poetra-poetra 16.00 katahipoen. Para maos saged nginten-nginten sapinten djembaring palataran ingkang kanggé moerid 16.00 waoe. Mangka sadaja sami kalenggahaken ing koersi. Margi saking katahing laré, saha djembaring papan, rama pastoor anggènipoen moetjal mawi pirantos soepados sadaja saged mireng tjeta.

Sabibaring Mis sami sarapan. Sareng djam 9 wonten bendéra pinten-pinten kawedalaken sineratan namaning sekolahanipoen pijambak-pijambak. Déné saantawising gendéra-gendéra waoe wonten satoenggal ingkang ageng minangka kanggé sesirahing arak-arakan. Saben laré nganggé srémpang djéné saha njepeng gendéra.

Sareng arak-arakan wiwit mlampah, samergi-mergi soerak mawoerahan adamel gambiraning manah. Gendéra-gendéra ageng alit katioeb ing angin koemlèbèt angawé-awé para ningali. Toedjoening arak-arakan sowan padoeka Monseigneur v.d. Pas sesoelih dalem K. S. Bapa Sadoemoegining pastoeran menjanji: Pauslied kalijan Roomsche blijdschap.

Sasampoening menjanji monseigneur medar sabda, nglairaken gambiraning panggalih saha ngandika manawi badé ngatoeraken tilgram dateng Roem koendjoek K.S. Bapa. Sasampoenipoen poenika arak-arakan teroes moebeng aloen-aloen, ladjeng wangsoel dateng sakolahanipoen pijambak-pijambak. Ing ngrikoe pésta ageng-agengan.

Sapoenika mangsoeli pahargjaning para Kath. djawi sepoeh ing Ngahad sonten sabibaring Lof ageng.

Sareng sadaja sampoen sami lenggah, pandjenenganipoen Rm. Soecandar pangarsaning P. K. D. M. ngatoeraken soegeng rawoeh dateng monseigneur v. d. Pas, rama Vloet, rama E. Stultiens, mijnheer A.W.C. Blijdenstijn (mangagem tjara ridder v.d. H. Gregorius) saha dateng sadèrèk katholiek sadaja. Satelasing pangandika lampoe-lampoe pedjah pet, déné ingkang katingal ing témbok gambaring K.S. Bapa. Soewantening keplok kados ametjah-metjahna kendanganing talingan. Itjaling gambaring K. S. Bapa sinambet gambar vaticaan pinten² ingkang adamel éraming manah, déné kraton dalem K. S. Bapa poenika kados makaten saénipoen. Ingkang moeroegaken tjeta malih déné pandjenenganipoen F. O. Rahardjo anggènipoen nerangaken saged gandang saha widjang-widjang. Sareng gambaripoen Caribaldi medal sadaja ingkang ningali sami pating brekoeh kados sami badé angrojok-ngrojoka, ngréntjangi K. S. Bapa. Telas-telasaning gambar pedjah waoe i.p. gambaripoen Frater Poeloenggana mengagem tjara Djawi saha djobah. Soerak keplok boten kénging katahan. Gagasan bab Caribaldi itjal kabesoet ing gambaring Frater Poeloenggana. Déné pangandikanipoen F.O. Rahardjo waoe tansah kapedot-pedot sinelingan rerepèn walandi miwah Djawi, poenaka déné oendjoekan saha dadaharan.

Wasana djam 10 daloe pahargjan katoetoep kanti wiloedjeng.

Wisoedan tijang Soetji.

Martir Imam Sarékat Jésoes padoeka toewan Johan Lloyd kalijan Philip Evans, badé kawisoeda dados tijang Soetji. Imam kekalih waoe kala 250 taoen kapengker sami séda kagantoeng karana ngantepi Agami, wonten Cardiff (Wales). Pastoer Jh. Lloyd joeswa 60 taoen kalebetaken wonten koendjara dangoenipoen 8 woelan. Pastoer Evans joeswa 30 taoen, kakoendjara ngantos 7 woelan; salebetipoen kinoendjara waoe, kerep sanget kalebetaken kamar ingkang wijaripoen 6 kaki, pandjangipoen 7 kaki, inggilipoen 12 kaki.

Gandèng kalijan badé wisoedan poenika, ing Cardiff samangké sami riboet anglempakaken boekti-boekti.

Ingkang Witjaksana Kangdjeng Kardinal van Rossum.

Kala tanggal 17 October, gotrah Katholiek (langkoeng-langkoeng ing Nederland) sami mèngeti sèket taoenan dalem Kardinal van Rossum djoemeneng Imam. Ing Missie bawah dalem Kg. Biskop van Velsen sami ngènget-ènget dinten waoe sarana njembahjangaken pandjenenganipoen I. W. K. Kardinal. Ingkang makaten waoe boten maiben, djer I.W.K. Kardinal sanget anggènipoen manggalih Missie ngriki. Pandjenenganipoen poenika djoemeneng Prefect-ipoen Congregatie Soemebaring Agama (Voortplanting des Geloofs), ingkang mratikelaken sadaja Missie ing saindenging djagad. Anggènipoen Missie Indonesia ladjeng wonten Apotolische Prefecturen ing poendi², ingkang ateges ngèntèngaken awrating pakarjanipoen Apost. Vicariaat ing Betawi, poenika inggih saking ichtijar dalem Kangdjeng Kardinal. Lan inggih pandjenenganipoen ingkang anenangi Orde miwah Congregatie-congregatie soepados njawisaken Imamipoen ingkang patohan kanggé ambijantoe Missie ing tanah ngriki.

Nalika pinahargya wonten Nederland, I. W. K. Kardinal inggih anenangi manahipoen para gotrah Katolik soepados sanget anggènipoen mratélakakaken ambijantoe Missie Indonesia.

Moegi-moegi I.W.K. Kardinal van Rossum waoe tansah sinongsongan barkahing Pangéran, amanggih basoeki ing sadajanipoen.

Dateng Indonesia.

Manoet **Aneta**,

Béndjing 27 November pandjenenganipoen Pastoer Franciscanen kakalih, maha goeroe ing R. K. gymnasium Megen, padoeka: Floribertus Schneiders kalijan Paschalis Heitkoening, sami dateng Indonesia. Kadjawi poenika wonten Imam malih saking wihara ing Maastricht ingkang oegi dateng Indonesia, i.p. padoeka P. Victoris Beekman, Azarius de Kok kalijan Michael Lunter.

Missie ing Poerworedjo.

J. D. Soem martosaken:

Pasraman Poerworedjo saja mindak regeng malih, margi rawoehipoen para Broeder ingkang tjalon mengkoe H. I. S. ing ngrika dalah internaat bagéan laré djaler. Sadaja wonten 6. Saha rawoehipoen para zuster ingkang tjalon mengkoe H.I.S. lan internaat bagéjan èstri.

Ingkang makaten poenika ndadosaken mongkog saha gambiraning gotrah Katholiek ing Poerworedjo, sarta damel marem lan mantepipoen laré, dalah tijang sepoehipoen.

Kedjawi poenika, sadèrèk Katholiek ing Poerworedjo oegi boten poeroen kantoen, moeljakaken riaja dalem, Kandjeng Santo Rama. Sadaja kanti regeng, anélakaken raket toewin soengkem kita sadaja dateng pandjenenganipoen Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Jatra risak, sampoen dipoentampèni!!

Ing Soerabaja mentas wonten lalampahan: tijang ngiintokaken arta kertas njaringgitan sampoen risak dateng sLandskas, namoeng angsal lintoe f0,35. Mangka manoet katrangan saking departement dateng tijang waoe, nglintokaken arta makaten poenika regining arta kedah kasoeda 80 %: dados tijang waoe pantjènipoen tampi f 0,50. Manoet katranganipoen sadèrèk Soepardi Wimbaharjana wonten Sedya Tama, samangké wonten ririgen énggal manawi ingkang gadah rila, arta makaten poenika badé kakintoenaken dateng Nederland soepados katetepaken reginipoen. Moerih damel sakétjaning lampah, departement oegi dangan maringi voorschot saking regi ingkang badé katetepaken nagari Walandi, waoe ratjakipoen kados ing ngandap poenika: ringgit lami f 0,85, ringgit énggal f0,65: roepijah lami f 0,34 roepijah énggal f0,26: oekon lami f 0,17 oekon éng- f0,13: talèn lami oetawi énggal f 0,08; ketip énggal oetawi lami f 0,03: Kanggé ketip lan talèn poenika badé kaéwahan samangsa wonten éwah-éwahan regining salaka. Dados tijang ingkang nglintokaken kadjawi angsal lintoe voorschot waoe inggih badé angsal lintoe malih saking nagari Walandi loemantar departement. Nanging goenggoeng kempaling lintoe mesti kirang saking regi ingkang tetep, oepami saringgit poenika angsalipoen lintoe kirang langkoeng namoeng saroepijahan.

Mila, sampoen nampèni arta risak tèmbèl lss., awit menawi neda lintoe kadjawi rèbjèk tijang reginipoen tjalon soeda!

Arta pitoeloengan dateng prijantoen ingkang dipoenkèndeli.

Saking pitakènipoen Goepernoer Djawi Wétan bab onderstand dateng prijantoen ingkang dipoenkèndeli (schorsing), Nagari paring katrangan: manawi tembé wingking tetéla wonten boektinipoen jèn prijantoen waoe pantjèn boten lepat, toer sadèrèngipoen dipoenlèrèhi katah lalabetanipoen dateng Nagari prijantoen waoe s a g e d o e g i ladjeng pikantoek arta pitoeloengan (pènsijoen).

Nanging, bab onderstand poenika, babar pisan boten dados wewenangipoen prijantoen waoe. Tegesipoen: tijang ingkang kinèndelan waoe boten anggadahi wewenang angsal onderstand. Djer arta pitoeloengan kados makaten poenika namoeng doemoenoeng gandjaran oetawi sih wilasaning Nagari.

Arta pitoeloengan kanggé warandaning prijantoen.

Manoet tjarijosipoen A. I. D. ing seratipoen Gouvernements-secretaris sampoen anggoemoemaken, wiwit sapoenika para warandaning prijantoen Priboemi ingkang sémahipoen njamboet damel wonten Goepermèn kanti setya dangoenipoen apes salajoeng taoen, . . badé kaparingan arta onderstand. Doemoegi sapoenika ingkang pikantoek onderstand waoe namoeng ingkang djaleripoen njamboet damel wonten Goepermèn dangoenipoen apes 30 taoen.

Ratoe Adil.

Bendee njarijosaken dèrèng dangoe poenika poelisi njepeng r e s i s i r nama Ranggasoejatna wonten Wanagiri. Anggènipoen katjepeng waoe margi ngaken djoemeneng Ratoe Adil.

Saben-saben mesti wonten pawartos Ratoe Adil makaten poenika! Saben-saben kok inggih ladjeng katah kémawon ingkang sami ngabekti!, sami ngandel!' Kok sami andel-andelen temen! — Red.

Pitakénan saking Inggris.

Sum. Post njarijosaken, atas saking Paréntah Inggris, konsoel Inggris ing Medan damel pitakénan kawrat ing serat dateng Goepernoer Soematra Wétan: „Pinten tjatjahipoen kaboedidajan Walandi ing ngrikoe; pinten tjatjahing tijang ingkang natoni bangsa Éropah. Kadjawi poenika inggih neda katrangan bab kaboedidajan-kaboedidajan gadahanipoen bangsa Inggris.

Wangsoelanipoen Goepernoer: „Salebetipoen taoen kapengker, tjatjahing onderneming Walandi 344. djiwaning koelinipoen 250.006; wonten lalampahan koeli anatoni (nglawan) poenggawa bangsa Éropah, kaping 54.

Déné tjatjahipoen onderneming gadahanipoen bangsa Inggris wonten 85, anggadahi koeli 41.017, wonten kadadosan koeli natoni bangsa Éropa kaping kalih.

Koeli kontrak.

Paréntah soeka palilah goepermèn Parangakik nganggé koeli Djawi 600 kanggé New Caledonië. Ing salebetipoen woelan ngadjeng bokmanawi koeli-koeli waoe sampoen saged kakintoenaken!

Sinaoe dateng nagari Walandi.

Katjarijos poetra dalem Ingkang Sinoehoen Kg. Soeltan, goesti bandara Radèn mas Daradjatoen wedalan H. B. S. kalijan bandara radèn mas Tingharta wedalan Rechtsschool, sami angladjengaken sinaoe dateng nagari Walandi. Tindakipoen saking Ngajogja kala tanggal 10 Oct.

Pabrik limoen.

J. B. njarijosaken: sadèrèk Poa Kyan Gyok ingkang anggadahi pabrik ès ing Tjiandjoer badé ngedegaken pabrik limoen, sapoenika sampoen meling bekakas-bekakas dateng Éropa. Katjarijos, pabrik limoen waoe badé saged anjampeti tadah limoen toewin toja walandi ing sakoekoeban Tjiandjoer.

Monopoli mertjon.

Paréntah ngawontenaken panitya ingandikakaken matitisaken rembag: poenapa padamelan damel mretjon poenika kénging kadadosaken panggaotan Goepermèn (monopoli) kados déné sarem lss. (Pandameling mretjon poenika manawi katindakaken Goepermèn pantjèn wonten saénipoen, i. p. njoeda wontening babaja-babaja gagajoetan kalijan pandjeblosing pabrik lss. Sarta, manawi padagangan mretjon dados monopoli Goepermèn, poenika sampoen mesti kémawon pamedalipoen Goepermèn inggih ladjeng mindak. Nanging pangrembagipoen prakawis poenika, panitya babagan monopoli mretjon poenika sampoen ngantos namoeng ngèngeti indaking pamedal, nanging oegi karembaga gandèngipoen kalijan ihtijar anjantosakaken economienipoen kawoela alit. Awit, sinten ingkang boten mangertos arta pinten kémawon ingkang kaboetjal tanpa tandja namoeng kalintokaken swantening long?? *Red.*

CORRESPONDENTIE.

W. S. Wates, boten saged kapatjak. Pr. Atmadja B. K. T., sampoen dados panggalih! Setj. dihdj. boten saged kawrat sadaja. Karangan saking sanès² boten saged kapetjak sadaja; dipoenserantosaken roemijin.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

TANTUS DOCTOR, QUIA TANTO ANGELICUS.

(Katoer redactie „Pengadjar").

— o —

Koela sampoen maos paringipoen katrangan kaseboet wonten Sw. T. no. 36. Sanget genging panoewoen koela.

Prijantoen! Saged oegi, anggèn koela mastani: „Pengadjar katjokan materialisme" lepat, oetawi klèntoe! Saged oegi, leres!; nanging (toemrap redactie Pengadjar) kirang boekti! Prakawis poenika koela soemanggakaken!

Nanging, *sampoen tétéla:* „Pengadjar" boten saged milih poendi ingkang langkoeng preloe: geestelijke opvoeding poenapa lichamelijke opvoeding! Prakawis poenika njata! Prakawis poenika redactie Pengadjar boten saged sélak!

Prijantoen Salatiga anggelaraken: panggoela-wentah mengkoe sedya kawan prekawis ingkang ladjeng koela ringkes dados: geestelijke kalijan lichamelijke opvoeding! Pamanggih ingkang makaten poenika, Patjar Mérah babar pisan boten anglepataken!

Sasampoenipoen redactie anggelaraken toedjoening panggoela-wentah wonten kawan prakwis, redactie ladjeng njoengoelaken pitakénan: endi sing preloe déwé? Pitakénan waoe, redactie boten saged narboekani! Djer, prijantoen Salatiga anggadahi kajakinan: sadaja-sadaja sami déné preloenipoen! Dados jèn dipoentradjoe, toemrap *Pengadjar* geestelijke opvoeding kalijan lichamelijke opvoeding sami kémawon wawratipoen. Oetawi kénging katemboengaken: toemrap Pengadjar, geestelijke opvoeding karo lichamelijke opvoeding pada waé!

Pamanggih makaten poenika, koela boten matoek! Golongan Kath. boten roedjoek!

* * *

Prijantoen! Koela atoeri matitisaken atoer koela ing ngandap poenika! Dipoenpenggalih ingkang saèstoe!

Mangga sami dipoentaliti kodrat-kodrating manoengsa, soepados ngretos poenapa ingkang preloe binangoen.

Manoengsa makaten *djoemboehing aloes kalijan wadag,* pamoripoen *raga kalijan soekma.* Sakalih-kalihipoen sami kempal raket dados satoenggal, *kaerèh ing soekma!*

Aloes kalijan wadag sami anggadahi watak ingkang kosok-wangsoel. Watak waoe salaminipoen tansah pasoelajan, ingkang satoenggal ngalèr satoenggalipoen ngidoel. Raga sedyanipoen angèsti ingkang boten pantes, soekma anggajoeh oetami! Raga mangandap, soekma minggah! Mila poen wadag kedah binoedi-daja (ginoela-wentah) sagedipoen boten njoelajani sedyanipoen soekma! Mila, sadaja panggoela-wentah ingkang toemoedjoe dateng wadag kedah sampoen mitoenani poen soekma! Sadaja ichtijar, anjaèkaken kodrating badan, kedah boten damel koetjiwaning péranganipoen manoengsa ingkang langkoeng loehoer inggih poen soekma. Economie, sport, kasarasan lss. pangoedinipoen kedah boten anjamahaken rohaninipoen manoengsa!

Tjekak djagad lahir, kedah kawasésa djagad nglebet.

Manoengsa tinitah *gesang wonten madyaning djagad sasrawoengan.* Kinodrat kedah roekoen kalijan sasami-sami; kedah njamboet damel sasarengan kalijan sadéngah tijang. Boten wonten tijang satoenggal kémawon ingkang gesangipoen mentas saking awakipoen pijambak. Sanadyan ingkang pandjenenganipoen nata pisan, soegengipoen inggih ngagem pambijantoe saking golongan koeli. Ratoe kalijan kawoéla, bendara kalijan koeli, goeroe kalijan moerid, dokter kalijan tijang glidig, sadaja tinitah kedah loeng-tinoeloeng. Prakawis poenika babar pisan boten kénging dipoenoengkiri! Ingkang makaten waoe, boten badé saged toemindak, manawi tijang namoeng ngegoengaken kasagedan, ngendelaken kasoegihan, poenapa déné koemandel dateng dradjadipoen. Boten badé saged kelampah manawi panggoela-wentah babagan nglebet dipoensamèkaken oetawi dipoenkawonaken kalijan panggoela-wentah toemrap badan.

Kadjawi poenika, kita kedah ènget manoengsa dados *titah dalem Pangéran.* Dados, kadjawi anggadahi koewadjiban toemrap badan lan soekmanipoen, toemrap gesang sesarengan, manoengsa taksih anggadahi sasanggèn kalijan ingkang nitahaken!

Boten preloe koela terangaken bilih Pangéran poenika mila wonten. Boten preloe koela atoeraken bilih Hjang Widdi poenika ingkang kinarsakaken namoeng ingkang sarwa oetami.

Djer, sinten kémawon mangertos bilih titah pantjèn winasésa déning Hjang Djoeroe Karja!

Sinten ingkang taksih kasrambahan rah Djawi, dèrèng kapandjingan rahipoen kaoem Vrijdenker, temtoe mangretos. Allah Maha Adil, Maha Saé, Maha Wikan, l.s.s. . . . .

Manoengsa kedah matoer noewoen déné waoenipoen *boten wonten* ladjeng wonten!

Mila satandang-tandoekipoen kita kedah tansah adamel renaning panggalih dalem!

Ingkang makaten waoe boten badé kalampahan, manawi tijang njaèkaken oetawi angewrataken lichamelijke opvoeding tinimbang geestelijke opvoeding.

Sadoening boeboedèn, pantjèn langkoeng inggil, langkoeng loehoer tikel matikel, tinimbang kapinteran! Toeloesipoen djagad nglebet langkoeng preloe tinimbang djagad lahir! Nanging saja bregas jèn saéning boeboedèn waoe sinarengan kalijan kasagedan! Djer kasagedan kempal kalijan oetamining kalakoean, poenika soember ingkang mili kaoetamèn, lan kaoetamèn waoe badé andajani saéning pasinaonipoen. Dados ladjeng saged kados ingkang dipoenpangandikakaken St. Thomas Aquino: *„tantus doctor, quia tanto angelicus" agoeng toer pinoendjoel, marga dadi sardjana moersid apinda Malaékat".*

Prijantoen Salatiga! Manawi pandjenengan (badé) lélédang wonten djagad panggoela-wentah, boten kénging boten kedah anggiloet pitakénan sangkan paraning manoengsa! Kedah angembat pitakénan: „Manoengsa koewi sapa? Asal saka ngendi? Menjang ngendi? enz....." Manawi pitakénan poenika waoe sampoen pandjenengan olak-alik saèstoe ngantos pinanggih wangsoelanipoen ingkang leres,.......ing ngrikoe ngèlmoe panggoela-wentah ingkang pandjenengan gelaraken saweg kénging koela wastani sadjatining panggoela-wentah!

* * *

Kadang Katholiek! Kita anggadahi dadasar: „soekma loewih loehoer tinimbang raga; geestelijke opvoeding loewih preloe tinimbang lichamelijke opvoeding". Koela mangretos, golongan Katholiek wonten ingkang dados pamaosipoen Pengadjar. Mangka Pengadjar anggelaraken wawarah ingkang njoelajani dadasar kita: (boten saged milih poendi ingkang langkoeng preloe: geestelijke opvoeding poenapa lichamelijke opvoeding!")..... Mila inggih koela paprali! Gotrah Kath. *ingkang remen njapèlèkaken koranipoen pijambak mrelokaken noempoek koran-koran dédé Kath!* Gotrah Kath. *ingkang seneng njoegihaken koran dédé Kath!* Manawi sad. Kath. ingkang makaten waoe maos rembag poen Patjar Mérah kalijan Pengadjar, koela kinten badé kraos, lan mangretos: *„Apa bebajané matja koran doedoe Katholiek?????"*

Kumuningsaselé: 20 Oct.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan [8])	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang [5])	7.	Pemalang [3])	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal [2])	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari [6])	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap [8])	7.30.
„ Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang [1])	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates [7])	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran [2])	7.	Ngawi [7])	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong [3])	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn [4])	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo [8])	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean [1])	7.30.				

[1]) 1e. Achad. [3]) 2e. Achad. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad.
[2]) 1e. + 3e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap2 doea boelan. [6]) 2e., 4e. Achad. [8]) 4e. Achad.

Internationale Hollandsche school mawi basa Inggris.

Manoet *De Koerier*, woelan October poenika ing Tjilatjap ambikak sakolahan walandi kanggé sadaja bangsa mawi basa Inggris. Anggènipoen dipoenwonteni sakolahan makaten poenika margi Tjilatjap poenika kita palaboehan. Dados preloe sanget manawi tetijang Djawi oetawi Tjina ingkang njamboetdamel wonten palaboehan mangertos basa waoe.

Radio Djawi — Djepang.

Wiwit tanggal 5 October poenika Malabarradio (Weltevreden) gandèng kalijan radio ing Djepang (Tokio). Taripipoen: tilgram limrah f 1,60, tilgram uitgesteld f 0,80 satemboeng. Déné tilgram-tilgramipoen paréntah sakalih - kalihipoen kakéngingaken bajaran f 0,80 satemboeng, ladjeng tilgram kanggé preloening serat kabar f 0,40 satemboeng.

Montor bis Esto, Larees, Santoso.

Manoet tjarijosipoen *Bahagia*, eigenaar montor bis tiga waoe mentas sami parepatan, angrembag sampoen ngantos djor-djoran. Tarief Semarang — Salatiga (klas II) ingkang soewaoe medak namoeng 32 sèn, wiwit tanggal 9 October wangsoel malih dados 62 sèn. (Manawi makaten poenika, ingkang roegi publiek... É, inggih oegeripoen boten djor-djoran katahing kilo meter kémawon. *Red.*)

Serat kabar Arab.

Ing Betawi badé wonten serat kabar basa Arab nama *Barhout*. Sedyanipoen andjoendjoeng daradjadipoen bangsa Arab. Ingkang ngemoedèni redactie: Said Ismail bin Agil. (Poenapa serat kabar waoe inggih badé saged njoeda oetawi ngitjali sajid-sajid ingkang sami ngoepados teda sarana.... wonten padoesoenan?? *Red.*)

Blangko postwissel.

Wiwit woelan Djanoewari postwissel modèl lami, i.p. blangko wissel ingkang pandjang-wijar, boten kanggé. Ingkang teksih kagoengan blangko postwissel modèl lami waoe, kénging kalintokaken dateng kantor pos oetawi hulppostkantoor mbéndjing salebetipoen woelan Djanoewari 1930.

Locomotief énggal.

Welingan locomotief modèl énggal katahipoen, 12 damelan Djerman mbéndjing woelan ngadjeng dateng, kadjoedjoegaken wonten Bandoeng. Locomotief waoe satoenggal-toenggalipoen regi f 36.000. Lampahipoen dalem saedjam 75 k. m. Gandèng kalijan poenika sadaja locomotief ingkang oemoeripoen sampoen langkoeng saking 45 taoen, tjalon boten kanggé malih. Locomotief énggal 12 waoe, ingkang sapalih kanggé wonten Banten, sanèsipoen wonten Besoeki. Béndjing taoen ngadjeng ngriki badé weling malih locomotief modèl énggal waoe kalih-welas.

Tradjangipoen koesir toewin toekang grobag.

Bahagia martosaken béndjing woelan ngadjeng poenika, ing Semarang tjalon wonten parepatanipoen para koesir toewin toekang grobag ing kita ngrikoe. Parepatan waoe badé nglahiraken boten sardjoening manahipoen déné gemeente anggadahi politiek moepoe paos grobag-grobag toewin dokar-dokar. (Semarang badé goemarégah malih?? *Red.*)

Tradjangipoen politie Djawi Kilèn.

Goepernoer Djawi Kilèn angoendangaken soepados politie langkoeng kentjeng anggènipoen nandoeki pakempalan-pakempalanipoen tijang siti ingkang anggadahi sedya ngebroekaken paprèntahan ngriki. Manawi wonten poenggawaning nagari konangan anggènipoen dados warganipoen pakempalan P. N. I., badé sanalika dipoenpotjot saking padamelanipoen.

Tedak dateng Bali.

A.I.D. njarijosaken béndjing woelan ngadjeng poenika, ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan ing Soerakarta badé tedak dateng Bali, malesi martamoe ratoe Karangasem, Gianjar lss. ingkang sampoen naté sowan dateng Soerakarta.

Pakempalan pabrik rokok krètèk.

Saking ichtijaripoen Handel Mij „Moeria" ing Koedoes wonten pakempalan pabrik rokok krètèk, kanamakaken: „Koedoesche Strootjes Fabrikanten Bond." Pakempalan waoe anggadahi sedya anjegah katjoelikan tjengkèh, makili wonten pangadilan prakawis crimineel oetawi civiel, ngadjengaken padagangan rokok krètèk ing Koedoes, sarana anaugsoeli pabrik - pabrik rokok krètèk ing Koedoes wonten salebeting Koedoesche Strootjes Fabrikanten Bond waoe.

Mangsa bentèr.

Sekolahan-sekolahan angka kalih ing kita Cheribon, angsal dawoeh saking inspectie, manawi angleresi bentèripoen 92 grad F, sekolahan kénging ladjeng katoetoep. Ing ngrika sapoenika manawi djam kalih welas bentèripoen asring 95 — 97 grad F. Dawoeh kaseboet nginggil boten kanggé salaminipoen. Mangké manawi sampoen rampoeng preloe, badé angsal dawoeh malih anjaboet pranatan kaseboet. (Bahagia.)

Mohamat Hatta.

Kawartosaken, sadèrèk Mohamat Hatta, béndjing awaling taoen 1930 badé angedjawi.

Lebeting oewos.

Manoet tjatetanipoen kantor statistiek ing Betawi, salebetipoen woelan Agoestoes kapengker poenika oewos ingkang mlebet dateng Soematrah Wétan, saking Hindoe 12.708 ton, Saigon: 53 ton, Sijem 1663 ton.

Katahipoen warga P. N. I.

Manoet *Locomotief*, warganipoen P.N.I. satanah Djawi sapoenika sampoen wonten 10.000.

MANTJA NAGARI.

Inggris—Roeslan. Pradja Inggris katawis anggènipoen saweg remen damel roeroekoenan. Wonten Sw. T. kapengker sampoen kawartosaken Inggris kalijan Djerman roeroekoenan, sapoenika negari Inggris waoe inggih damel roeroekoenan malih kalijan pradja Roeslan.

Roeroekoenan Inggris — Roeslan waoe sampoen katèken golongan sakalih-kalihipoen: Henderson (Inggris) kalijan Dovgalevsky (Roeslan).

Roeroekoenan waoe isi prakawis sangang warni: prakawis padagangan, panggaotan, politiek lss.

Inggris — Amerika. Boten namoeng kalijan Roeslan toewin Djerman kémawon anggènipoen Inggris damel bedamèn. Mac. Donald oetoesaning karadjan Inggris dateng Amérikah, inggih preloe njantosakaken actie anggajoeh katentreman. Pradja sakalih-kalihipoen badé roeroekoenan, sampoen ngantos wonten pasoelajanipoen Amérikah kalijan Baritanijah. Roeroekoenan waoe anggepok babagan padagangan, politiek, pabrik-pabrik lss.

Tandangipoen Inggris boten namoeng doemoegi samanten! Manoet tilgram Aneta saking London 7 October angabaraken bilih minister oeroesan sadjawining nagari toewan Henderson mentas ngintoenaken serat oelem officieel dateng Frankrijk, Djepang toewin Itali. Serat oelem waoe anjedahi soepados nagari-nagari kaseboet nginggil samia toemoet conferentie angrembag prakawis barisan samodra ingkang tjalon kawontenaken béndjing Djanoewari minggoe ingkang kaping tiga. Dados: nagari ageng-ageng gangsal: (Amérikah, Inggris, Frankrijk, Djepang, Itali) mbéndjing woelan Djanoewari waoe, sami rerembagan prakawis baita-baita perang, lss.

Toerki — Griekenland. Wiwit tanggal 1 October, Toerki ngindakaken katah sanget tarip prabéjanipoen dagangan ingkang malebet mrikoe.

Prakawis poenika sampoen mesti kémawon adamel rangoe-rangoenipoen sadaja nagari ingkang lalajanan dagang kalijan nagari Toerki.

Griekenland semoe-semoenipoen sampoen saged ngraosaken boten étjanipoen tatanan énggal ing Toerki waoe. Mila, ladjeng gentos ngindakaken prabéja lebeting barang-barang Toerki ingkang dateng Griekenland. Tandangipoen Griekenland anggènipoen animbangi Toerki boten namoeng doemoegi samanten kémawon. Griekenland mangertos barisan samodra gadahanipoen Toerki langkoeng mitajani tinimbang barisan samodra gadahanipoen pijambak. Mila, inggih ladjeng toemandang andandosi!

Tiongkok, dèrèng padja - padja tentrem! Margi ing salebetipoen nagari Tiongkok pijambak wonten pasoelajanipoen sadèrèk sami sadèrèk, tandangipoen Roeslan saja anderpati, saja wani anggènipoen mangsah wonten Mantsjoerië. Katah kita-kita ingkang sampoen karebat, katah baita-baita perang ingkang saged dipoenkelemaken!